

# Maladi Drepanositoz ak Lafyèv Sickle Cell Disease and Fever (Haitian Creole)

Timoun ki gen maladi Drepanositoz (SCD) gen plis chans pou yo pran enfeksyon, espesyalman enfeksyon bakteri. Larat la ede konbat enfeksyon. Nan pasyan ki gen maladi Drepanositoz, larat la pa travay jan li abitye. Lafyèv ka premye ak sèl siy enfeksyon.

**Enfeksyon ka lakòz lanmò nan timoun ki gen SCD, kidonk yon lafyèv se yon ijans medikal.**

### Siy enfeksyon

Si ou pral bay pitit ou Tylenol® oswa Motrin® pou doulè oswa lòt malèz, pran tanperati yo anvan pouw wè si li gen lafyèv. **Fòk pitit ou an al wè yon doktè oswa yon founisè swen sante TOUSWIT si li gen lafyèv.**

Kèk siy enfeksyon se:

- **Lafyèv 101° Farennayt (38,3° Sèlsiyis) \***
- Touse oswa difikilte pou respire
- Lap respire trè vit
- Dòmi plis ke dabitid
- Li rechiya oswa chimerik
- Koulè po pal
- Vomisman oswa dyare

### Penicilin chak jou

Tretman penisilin chak jou ede anpeche enfeksyon. Penicilin se yon medikaman ki ede touye bakteri. Timoun ki gen SCD, laj tibebe fèk fêt jiska 5 an, ta dwe pran penisilin 2 fwa pa jou. Gen kèk timoun ki ka bezwen kontinye pran penisilin apre yo fin gen 5 an.

- Bay pitit ou a penisilin chak 12 èdtan. Si yo manke yon dòz, sa mete yo nan risk pou enfeksyon.

- Penisilin likid bezwen re-plen chak 14 jou. Sinon, lap ekspire. Re-plen preskripsyon pitit ou a anvan li fini.
- Penisilin likid lan fòk li konsève nan frijidè a.

## Vaksen

Vaksen yo ede tou pou anpeche enfeksyon. Yo rekòmande vaksen Prevnar-13 pou tout timoun, men sitou pou timoun ki gen SCD pou diminye risk enfeksyon grav (septisemi). Timoun ki gen SCD ta dwe pran vaksen ki rekòmande yo, ki gen ladan vaksen kont grip (flou).

**Penisilin ak vaksen yo pa fonksyone 100% tout tan. Li toujou enpòtan pou mennen pitit ou a kay doktè oswa founisè swen sante yo touswit lèl gen nenpòt lafyèv.**

## Tretman

Yo ta dwe mennen pitit ou a nan depatman ijans ki pi pre a si li gen lafyèv. Pandan nou la, yo pral:

- Fè yo mezire batman kè, tansyon, nivo oksijèn, tanperati, ak to respirasyon.
- Pran san pou laboratwa, analiz sa a gen ladan konte san ak yon tès kilti san.
- Mete sewòm nan venn (IV) nan bra li pou bay medikaman antibiyotik ak likid.
- Fè radyografi pwatrin oswa lòt sèvis imaj si sa ta nesesè.
- Yo ka admèt li poul rete nan lopital la depandan de analiz laboratwa yo ak egzamen fizik yo.

## Kilè pouw rele doktè a

- Si pitit ou a gen lafyèv pandan ou sou wout pou ale nan depatman ijans lan. Ekip nou an ap fèl konnen ou nan wout.
- Si pitit ou a vin malad pandan lajounen, rele enfimyè drepanositoz yo nan (614) 722-8914 lendi jiska vandredi, 8 a.m. a 4:30 p.m.
  - Si yo pa disponib, tanpri rele Klinik Sickle Cell la nan (614) 722-3250.
  - Nan aswè, wikenn, oswa jou ferye, rele (614) 722-2000 epi mande pou ematològ ki degad la.

## **Kilè pou rele 911**

Rele 911 pou èd ijans si pitit ou a:

- Ap respire dousman oswa li sispann respire.
- Li pa reyaji epi li pa ka pale avèk ou.
- Li pa ka reveye apre yon syès.
- Gen feblès toudenkou, pèt sansasyon, oswa li pa ka bouje yon pati nan kò a.